Aspek sintaksis *Serat Panitibaya* merupakan rangkaian dari beberapa urutan peristiwa (spasial) yang dimulai dengan tujuan pengarang tentang maksud penulisan *Serat Panitibaya* yang menjelaskan tentang 176 larangan sebagai pedoman dalam mengarungi kehidupan diperuntukkan kepada generasi muda agar tidak salah dalam melakukan tindakan di dunia. Peristiwa-peristiwa yang terdapat dalam *Serat Panitibaya* merupakan *wejangan* (petuah) yang disampaikan langsung oleh pengarang (Sultan Agung). Urutan logis dan temporal *Serat Panitibaya* terdapat 11 urutan yakni; (1) kewajiban manusia pada Sang Pencipta, (2) sifat-sifat manusia yang tidak terpuji dan harus dihindari, (3) sifat-sifat terpuji, (4) perbuatan yang tidak dibenarkan bagi kaum lelaki, (5) sikap yang perlu dihindari apabila berkata-kata, (6) pesan Leluhur, (7) orang yang tak pantas didekati, (8) tindakan yang berhubungan dengan anak-anak, (9) tindakan yang berhubungan dengan senjata api, (10) adab bertamu dan bertetangga, dan (11) sikap dalam menangani pekerjaan.

Aspek semantik dalam *Serat Panitibaya* didapat kesimpulan tentang makna keseluruhan yaitu ajaran-ajaran dalam berperilaku kehidupan. Selain itu, dalam *Serat Panitibaya* juga mengandung makna dan perlambangan. Unsur yang hadir (*in praesentia*) dan yang tidak hadir (*in absentia*) pada aspek semantik memiliki hubungan yang saling berkaitan satu sama lain. Unsur-unsur yang hadir maupun tidak hadir dalam teks, yaitu: (1) *tembang macapat*, (2) simbol dan makna Ketuhanan, (3) ketidaktulusan perkataan manusia, (4) simbol dan makna panggilan nama, (5) orang yang tidak berpendirian, (6) simbol dan makna wanita, (7) simbol dan makna pemimpin, (8) sifat sombong serta bermulut besar, (9) seorang pria bijaksana, dan (10) simbol dan makna kesopanan.


Aspek verbal, penyajiannya ke dalam sistem rekaan. Hasil analisis aspek verbal dalam *Serat Panitibaya* menjelaskan bahwa isi teks cerita ditulis dalam bentuk metrum macapat yang secara keseluruhan merupakan *tembang Pangkur*. Kemudian pencerita, dilihat dari kehadiran hanya terdapat pencerita intern saja. Hal ini dikarenakan pencerita dalam *Serat Panitibaya* berkedudukan secara langsung sebagai pengarang dan tokoh yang langsung dikemas dalam bentuk ujaran langsung. Setelah pencerita kemudian yang terdapat dalam aspek verbal adalah ragam bahasa. Pada ragam bahasa ini unsur-unsur yang terdapat dalam ragam bahasa diantaranya diksi dan majas. Diksi dalam *Serat Panitibaya* berfungsi untuk memperoleh keindahan dari *tetembangan* yang ditembangkan. Selain itu diksi juga digunakan untuk menyesuaikan setiap vokal dari akhir larik *tembang*. Sedangkan majas digunakan untuk memperindah kata-kata dan

kalimat yang digunakan dalam *Serat Panitibaya*. Majas-majas yang terdapat dalam *Serat Panitibaya* yakni: majas epitet, majas simile, majas hiperbola, dan majas metafora.

5.2 Saran

Pada penelitian teks *Serat Panitibaya*, disampaikan beberapa saran sebagai berikut.

1. Teks *Serat Panitibaya* merupakan kekayaan budaya nasional yang seyogyanya mendapat perhatian dari berbagai pihak. Naskah tersebut sudah seharusnya dilestarikan dan dicetak ulang karena naskah *Serat Panitibaya* merupakan naskah kuno yang sudah tidak mendapat perhatian dari kalangan masyarakat.
2. Penelitian ini diharapkan dapat menjadi bahan ajar dalam upaya meningkatkan pola kehidupan lebih baik, selain itu penelitian ini dapat menjadi acuan dalam pengembangan teori struktur teks puisi Jawa klasik.



DAFTAR PUSTAKA

- Aminuddin.1987. *Pengantar Apresiasi Sastra*.Bandung: Sinar Baru.
- , 1985. *Semantik*. Malang: Sinar Baru Algesindo
- Atar Semi. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Budiman, Amen. 1980. *Semarang Riwayatmoe Doeloe*. Kendal: Tunjungsari.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Damono, Sapardi Joko.1984.*Sosiologi Sastra*.Jakarta: Depdikbud.
- Darmanto Jatman. 1997. *Psikologi Jawa*. Yogyakarta: Bentang Budaya.
- Gorys Keraf. 2000. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Pustaka Utama
- Ikram, Achadiati.1997.*Filologia Nusantara*.Jakarta: UI.Press.
- Jabrohim. 2001. *Metode Penelitian Sastra. Hanindika dan Masyarakat Indonesia*.
Poetika Indonesia.
- Lexy Moleong. 1989. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remadja
Karya.
- Nugroho, Yusro Edy. 2006. *Puisi Jawa Klasik*. Semarang: Studio duabelas.
- Nurgiantoro, Burhan. 1994. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: Gadjah Mada
University Press.
- Poerwadarminto. W.J.S. 1939. *Baoesastra Jawa*. Batavia: J.B. *Wolter's*
Uitgevers Maatschappij N.V. Groningen Batavia.
- Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa*
Indonesia. Jakarta: Balai Pustaka
- Siti Baroroh Baried. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan
dan Pengembangan bahasa.
- Suharianto. 2005. *Dasar-dasar Teori Sastra*. Semarang: Rumah Indonesia.
- Pradopo, Rachmat Joko. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Teknik,dan*
Penerapannya. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Purwadi.1981. *Kamus Bahasa Jawa-Indonesia Populer*. Yogyakarta: Media
Abadi.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*.
Denpasar: Pustaka Pelajar.

- Rochani, Ahmad Hamam. 2003. *Sunan Khatong dan Pakuwaja. Dari gerbang Majapahit sampai pintu Mataram Kendal* Seri 01. Kendal: Intermedia Paramadina.
- Robson, SO.1978.*Pengajkian Sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Sutopo. H. B. 1988. *Pengantar Penelitian Kualitatif: Dasar-dasar Teori dan Praktis*. Surakarta: UNS Press.
- Taum, Yoseph Yapi. 1995. *Pengantar Teori Sastra*. Ende: Nusa Dua
- Teeuw. A. 1984. *Sastra dan Ilmu sastra. Sebuah Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Todorov, Tzvetan. 1985. *Tata Sastra diterjemahkan oleh Okki Zaimar*. Jakarta: Djambatan.
- Thoyib,Mas'ud.1987. *Sunan Khatong dan Pakuwojo*. Studio 80:TMII.
- Wellek, Rene dan Austin Warren.1989.*Teori Kesusastraan di Indonesiakan oleh Melani Budiarta*. Jakarta: Gramedia.





LAMPIRAN

SERAT PANITI BAYA

/1/ Kang Serat panitibaya, panembahan agung wau kang nganggit, bathara katong kang sunu, panaraga Negara, ingkang wayah jeng sunan giri kadhatun, binatuwah putra wayah, lujenga sawingking-wingking.

Slasa legi ping limalas, madilawal taun alip lumaris, angka sewu wolung atus, seket langkung satunggal, wuku mangsa tampine..rang, duk winangun, dening ulun pun tanaya, ing Surakarta nagari.

Saking setyane kang yasa, nganggit layang kang sabab aniwasi, supaya ringgem kukum, dadi jati pusaka, sapangisor kang si.. turun tumurun, iki awit kang winilang, sabarang na..niwasi.

Pamurunge wirya guna, aja lalirire sawiji-wiji, kang dhihin aja sira...un, ngayam (1) randhaning kanca, tuwin batur bandara lurah sadulur, agawe salah grahita, togging ngendon wingit niwasi.

Ingang kaping pindho aja, angrabeni ewon aluran ringgit, sanadyan rupane ayu, ngungkuli dewi Uma, sirna rupa katon melok badhut guyu, tan pekering cacah rusak, ngilangaken wingit niwasi.

Kaping telu iku aja, rabi luwih papat teka tan becik, yen luwiha ngrusak khukum, ing sarak Karasulan, yen luwiha papat teka padha ratu, yen ngakal ngarenah sarak, nempuh duraka niwasi.

Kaping papat iku aja, angrabeni wadon durung sah laki, nadyan pakon bapa kaum, aja gegampang sarak, aja dumeah empune wong madung kapuk, yen tan wruh wekasing ngarja, yen kurang yatna niwasi.

Kaping lima iku aja, wani-wani ngulahi angrabeni, tilas bojone kang mau, wis pegat nir gang talak, aja dumeh durung laki purwanipun, yen tan trang pangulu ika, yen ginampang aniwasi.

Kaping neme iu aja, yen wong priye pan durung sarwa luwih, aja rabi loro telu, apa dene yen pa..., lan yen durung duwe budi nyemar cukup, momot tyas blanja tan kurang, yen tan samekta niwasi.

Kaping pitu iku poma, yen wong priya wis tuwa aja rabi, lare nom lagi kumencur, yen sugih den-mas-emas, yen tan sugih sewu sabar tyase kaku, yen tan kadi wong ngawula, prabu Kenya aniwasi.

Kaping woluh iku aja, tedhak cilik rbi aluran putrid, kajaba jiniyat ratu, kang jeneng tatariman, rabi dhewe melik peh simbut den ayu, pinuwung cacat miskin, yen tan sembada niwasi.

Kaping sanga iku poma, yen wong priya jaka nom aja rabi, randha nini aos gatung, /3/ cupet budining priya, umpamane ayam trondhol saba lumbung, yen muwu tan padha nrima saru dinulu niwasi.

Ping sepuluh iku aja, sok guguyon ambek rayat pribadi, den maha akeh wong weruh, kongsi angisap-isap, nadyan bojo yen mangkono nyabet saru, wong kang mrina somahira, anyidra prana niwasi.

Ping sawelas iku aja, sok sembranan lan estri kang wus akir, wes laki utawa durung, nadyan nini-ninia, nora kena pama geni sandhing lan duk, suwe-suwe nuli mempan, sepining wing aniwasi.

Kaping rolas iku aja, mring sedulur kadang nyilih-nyilihi, kemben wastra gawe sabuk, nadyan barang kang liyan, nadyan tuwa padha tuwa padha pikun, apa dene dhedhewekan, nadyan padhang aniwasi.

Ping telulas iku aja, lali-lali poma padha den-eling, gegedhene prakareku, tan liya rong pakara, yen tan bener praktikele, tombok umur, yen sadumuk bab wanita, sanyari bumi niwasi.

Ping patbelasiku aja, ngingu batur randha nom prawan sunthi, tuwin ngingu batur kakung, dudha nom kembang jaka, yen tan duwe butarepan pan rahayu, mangka duwe butarepan, togging ngendon aniwasi.

Ping limalas iku aja, ngingu batur randha nom prawan sunthi, tuwin ngingu batur kakung, dhudha nom kembang jaka, yen tan dhuwe bature pan rahayu, mangka dhuwe butarepan, togging ngendon aniwasi.

Ping nembelas iku aja, ngempek sandhang pangan lan anak rabi, nadyan estria den ayu, lawan jenenga jendral, nora kurang nikmate badan sakojur, kajaba kang jompo ina, yen misih reja niwasi.

Ping pitulas iku aja, sok ananggung wong lanang miwah estri, nora wurung iku nempuh, yen tan arja ing badan, sabab nyawa liyantan kena rinengkuh, nora kena pinarcaya, togging endon aniwasi.

Ping wolulas iku aja, saenggone sulaya sangga runggi, mring anak rayat sadulur, sanak tangga myang kanca, batur desa nagara becik kang rukun, watak wong dhedher sumelang togging ngendon aniwasi.

Ping sangalas iku aja, mlebu ngomahing wong kang nuju sepi, nadyan ana ingkang tunggu, kang wadon nadyan tuwa, batur tuwa lanang tuwa aja laju, dhudha randha tan prabeda, padha tog ngendon niwasi.

Ping rongpuluh iku aja, yen den-endel ing donya miwah estri, mring mitra priyayi agung, rumasa yen darma, kuwasane denwor jiwa iku jumbuh, yen kengguh melik ro tingal togging ngendon aniwasi.

Ping salikur iku aja, dadi wrana yen durung amranani, miwah luwih wakil iku, yen tan rasa duduga, yen tan tadhah mot menkoni barang kewuh, yen tan loron-loron tunggal, togging ngendon aniwasi.

Ping rolikur iku aja, yen wong nginep wong lanang tuwin estri, ingkang kaineapan iku, lapura kami tuwa, miwah awak melu omah mondhok dunung, yen sepia musawarat, jomplange nempuh niwasi.

Kaping telu likur aja, yen wong mondhok lawas-lawas tan becik, bareng wonge kang dinunung, lan ngeyom sandhang pangan, mring kang duwe wisma nadyan dhewekipun, kuwasane sandhang pangan, adad sok lali niwasi.

Ping patlikur iku aja, sok ambeda nanangis bocah cilik, nangis tan kena tinulung, ngarih-arih tan kena, kaku tyase kang momong mantheleng nepsu, enpsoni marang kang beda, gedhe cilik sok niwasi.

Ping salawe bentet aja, raket bocah wayah lagi disapih, menek kepatuh kelayu, nora kena tininggal, yen tinggala menek tumeka ing dudu, laku bakal mecat nyawa, ngajak bocah aniwasi.

Ping nemlikur iku aja, ngajak anaking wong kiku tan becik, apa dene ngajak batur, ing wong nadyan nembunga, yen tan nembung iku bebenggoling luput, akeh lire yen tan yatna, nora wurung niniwasi.

Kaping pitu likur aja, bocah cilik jaweh dolanan lading wayah palayon lumayu, ngling pelo miwah cetha, aja tega dolan dhewe ngalor ngidul, watak bocah yen den-umbar, apese pareng niwasi.

Kaping wolu likur iku aja, bocah cilik pinarcaya ing kardi, momong bayi lagi nusu, nadyan wayah sapiyan, lan kinongkon bab ngucap anggawa rikuh, braja tirta brana kala, apese kabeh niwasi.

Ping sanga likur aja, barang tembung utama kaduk manis, aja kaduk mesen guyu, dadi ewon sembrana, ing wateke wong mangkono nora kukuh, panyekele barang karya, togging prana aniwasi.

Kaping tri dasa iku aja, kongkon uwong kang asring anyidrani, sanadyan darma sadulur, ing parane doh cedhak, nora kena adat kang uwis kalaju, nora wurung kadrawasa, kukuhing dhasar niwasi.

Kaping tri daseka aja, anggedheken sembranan datan becik, pan dadi kapatuh rusuh, kalunta dadi adat, yen nujoni prakara kang temen bingung, watak wong bingung was-uwas, togging ngendon aniwasi.

Kaping tri dasa dwi aja, yen dinuta tuwin lungan pribadi, mring nagara liyanipun, nateng liyan anduta, mawi serat sarwi ngebang opah sewu, yen kengguh kepyan wiweka, togging ngendon aniwasi.

Kaping tri dasa tri aja, ngumbar sanggup kaduk lamun tan yekti, marang sabarang wong iku, mundur majua wiring, wataking wong ngucap yen wis keh katrucut, temah angantepi salah, tan wurung temah niwasi.

Ping tri dasa catur aja, ngandel catur miwah maido warti, karo-karo iku luput, wredinen akal nyata, ya ginugu nanging tan pantes ginugu, yen tan tinengah watara, togging prakara niwasi.

Ping tri dasa panca aja, lamun durung oleh wenang narpati, nganggo laranganing ratu, undhaking bagusira, yen pi/8/nareng kang gething agawe tuduh, temahane lara wiring, wiring sakit niniwasi.

Ping tri dasa sad aja, tiru-tiru nyengkokanggoning gusti, bareng trape laku lungguh, madha gusti bandara, kang pindha graitane menek rengu, rehning kungkulan gegebal, runtik tog ngendon niwasi.

Ping tri dasa sapta aja, ladak ngekul ngina padhaning ngurip, yen nalar melok wis tutur, tan susah winicara, gaibollah yeku kang marahi luput, menek dadi tutundhesan, wekasan kempyung niwasi.

Ping tri dasa astha aja, sok mimisuh marang padhaning urip, sapiraa kang pinusuh, yen eling tadhah trima, yen nujoni katanggor padha wong kaku, begja banget yen mradata, beka tan wurung niwasi.

Ping tri dasa nawa aja, riya kibir gunggung badan pribadi, dumeh ngandel sugih brewu, kandel lamun suwita, guna sura nadyan ngandel temah luput, sabab badan kena rusak, temah kasiku niwasi.

Kaping catur dasa aja, ngandelake badan liya tan becik, kajaba kang nama guru, tan susah winicara, wus sah saking nur gaib tan cinatur, menek salah siji leda, jomplange temah niwasi.

Ping catur daseka aja, sok gegampang kang nama barang jangji, singa lawaning jangjiku, ngaggoa tangan, yen tan nganggo tandha tangan menek luput, yen salah sijine cidra, yen tan trimane niwasi.

Ping catur dwi dasa aja, calandhakan calak nyaut tan becik, dudulua lawan catur, dumeh wignya utama, yen tan trima pinareng anyaru wuwus, yen karo padha waninya, tan wurung campuh niwasi.

Ping catur dasa tri aja, sok gampang prakara barang kalir, kepyan wingking barang ewuh, sabab pangarep dadra, wekasane dudon reyon salang surup, tan wurung nemu bicara, togging tyas malang niwasi.

Catur dasa catur aja, wani-wani gampang ngamal mas picis, durung sah lagi gumantung, kagegem aneng boja, yen ginampang menek datan antuk liru, tan trimane ingkang gadhah, mepeng anjaluk niwasi.

Catur dasa panca aja, manggung pasrah jiwa maring hyang widdhi, mangka ing yaktine tan wruh, tembung pasrah ing Allah, luput patrap liron dadi sasar susur, sababe katutuh ina, tan yatna badan niwasi.

Ping catur dasa sad aja, ngabotowan nguntal apyun madati, nadyan menang sugih brewu, tan patut dadi kasab, sebab ika nagara marahi leth, nir bayu tipis kang badan, saranging badan niwasi.

Catur dasa sapta aja, duwe sanak bobotoh rangkep juti, durjana wong mangan apyun, iku wajib sinimpar, sabab iku ngregedi nagari dhusun, jer iku satruning raja, nora wurung niniwasi.

Catur dasa astha aja, sok apara padu ginawe pokily, kulak adu adol padu, drigama ngrakit basa, lan Manawa imbar sumpah kang den-gilut, nek kena ngrasan durjana, tog kembet temah niwasi.

Ping catur dasa nawa ywa, aja nganggras ngengkos padhaning urip, nganggras ngabas ngap[us-apus, utang ngenta.

Ping catur dasa nawa ywa, aja nganggras ngengkos pangentan sauran, nadyan nganggras yen prentah nirmala luput, yen tan prentah rasan kampak, tog ngendone aniwasi.

Kaping sekete iku aja, wawadulan tumbak cucukan cengil, ider umyang adol wadul, murih den suba-suba, ruba dora dananya wutuh rinemuk, yeku kawignyaning setan, tan pandak rongeh niwasi.

Kaping seket siji, rurubungan ngundang gedhe cilik, rina wengi sore esuk, bisikan miwah sora, amarga yen kena rerase kecu, pinareng tinarka kraman, ngrerantabi niniwasi.

Kaping seket loro aja, nganggur teen legan tan duwe rabi, anak bature den-
nganggur, panganan lan madatan rina wengi tan pegat menek kacatur, tanpa
tandur kitri karang, pasthi tah enak niwasi.

Kaping seket telu aja, kerep-kerep pista nayub tan bejik, tanpa sabab nglahan
nglenthung, kang gething padha bungah, nyukurake yen ana bilal nempuh, keneng
rerasan culika, sok suda yatna nistha niwasi.

Kaping seket papat aja, turu tangga rina miwah ing wengi, yen nginep lahan
ngalenthung, ala wong janggol naga, akeh lire bengi peteng keh pakewuh, panca
baya yutan wendran yen apes nistha niwasi.

Kaping seket lima aja, lamun wengi yen ngrungu kenthong titir, miwah alok
maling kecu, aja dhewe yen tandang, ngantenana yen mengko rewange ngumpul,
tandang dhewe bokmenawa, kasamaran bok niwasi.

Kaping seket nenem aja, kumawawa kumlungkung lungan bengi, peteng dhedhet
udan riwut, nadyan padhang rembulan, anggawa gawa oncor geni murub, yen
lumakua petengan, sisip sembire niwasi.

Kaping seket pitu aja, ngunekake bedhil ing wayah bengi, bedhil muni main
nganggur, kajaba ana sabab, lan wong gendhong titir rina wengi iku, yen sababe
ora ana, gawe gita aniwasi.

Kaping seket wolu aja, sireping wong anuju lingsir wengi, dhewe miwah rowang
batur, aja angumbar swarabengak-bengok gawe kageting wong turu, yen tan
rundha patrol nganglang salah pangrungu niwasi.

Ping sawidak siji aja, sok mimindha kusuma sikep santri, maksiyatan guru
dhukun, priyayi jawa sabrang, kajabane teka paril tan cinatur, yen katitik dadi
nistha, lingsem tan wurung niwasi.

Ping sawidak loro aja, mindha dhalang priyayi lawan santri, dhumukun lawan gumuru, kumriyal lan gumuna, mindha bangsat mindha tani mindha jugul, mindha sabrang singgahana, kabeh itu aniwasi.

Ping sawidak telu aja, sok dodolan gegesrek tumbak keris, sandyan sekti pinunjul, yen kawengku ing raja, ing sabarang nama gesrek iku luput, yen raja liyan tan trima, jinaluka aniwasi.

Ping sawidak papat aja, sok gumuna sumakti nadyan luwih, aja munggal-mungil munglup, gawe komet wong luyyan, aja eram kagetan marang wong gunung, kabeh iku singgahana, mamanan ati niwasi.

/13/ping samiwdak lima aja, ngunus braja brigah-brigih lir jurit, senggong enggon iku saru, nadyan ning jogan kamar, bokmanawa ana setan aruh-aruh, nadyan kulita tembaga apesing badan niwasi.

Ping sawidak nenem aja, yen leledhang ngalenthung milang-milang, mring pomahan warung-warung, aja nilar gagaman, menek ana sato galak lan wong ngamak, yen lena ninggala braja, kaparan ngepeh niwasi.

Ping sawidak pitu aja, angaruhi ngrampok nyanak wong gemblung, yen kurang-kurang prayitna, nora wurung niniwasi.

Ping sawidak wolu aja, mirong bebed nglingkap pukang lan cincing, krisan ngewal nyothe udud, mecucu susur nginang, angladeni bandara lan bapa guru, iku lamun ngambah liyan kurang tata niniwasi.

Ping sawidak sanga aja lamun metu saka wengkon prijadi, ngore rambut iket kacu, cathokan saruwulan, bebed sabuk ngadheplang sarwi badhukul, iku jadhug dhe clunthangan, nulari labet niwasi.

Kaping sapta dasa aja, tinggal tata krama kramaning urip, tanpa tembung tanpa luwung sarta duga pra/14/yoga, nora wera basa sigug saru siku, beja yen pinisuhana, winastan celeng niwasi.

Ping sapta daseka aja, bungah ngumpak ing dalem den-andhapi, den awas ing ngulat semu, kang dadi panengeran, ultana nalare mesthi katemu, yen menenga kaya reca, togging prana aniwasi.

Ping sapta dasa dwi aja, yen wong jamak jogged datanpa dhangdhi, berag joget turut lurung, larut drajade sirna, tan papan lir wong edan edan guguyu, nadyan weh sukaning jalma, jer tan patut niniwasi.

Ping sapta dasa tri aja, tanpa sinjang murate konthal-kanthil, wong akeh rame guguyu, andulu liwat suka, iya sirna darajade satus taun, iya murungake bakal, wusana blai niwasi.

Ping sapta dasa pat aja, amudani wong lananng wadon akir, kajaba purbaning ratu, nir sakeh panca baya, yen sapidha ngadad cilaka tinemu, utang wirang nyaur wirang, tan wurung ngendon niwasi.

Ping sapta dasa panca aja, katanggungan wong duwe ambeg budi, yen sumedya badhe luhur, dadia lelanjara, lamun bandha duwea ati lus mulus, yen ewuh dadi kapira/15/n, keroning budi niwasi.

Ping sapta dasa sad aja, duwe ambeg budi kaya wong mincing, iku panggedhening luput, retuning nganiaya, srana bojo temah misesa puniku, yen katrucut dadi watak, ilang wahyune niwasi.

Ping sapta dasa sapta aja, manut ing dyah kang durung asisiwi, sanadyan asih kalangkung, myang endah warnanra, umpamanya wreksa pelag angrembayung, tanpa guna who sekarnya, sayektinya aniwasi.

Ping sapta dasastha aja, arerasan kang sepi lawan pamrih, kang marojol saking wuruk, lan dudu gawenira, cacat gedhe ngilangken daulatipun, pawitan gedhe pangucap, yen tan rineksa niwasi.

Ping sapta dasa nawa ja, aklangenan mring awak banyu urip, ora kurang ing donyeku, sosotya lan kancana, sato peksi kagunan miwah nenandur, yen sisip turangganira, nora wurung aniwasi.

00kaping astha dasa ja, gagaweyan yen durung wruh dadining, Manawa tyas kapiduwung ngilangken kawaspadan, osikira, kang minangka sipatipun, yen lali nora rineksa, sayektine niniwasi.

Ping astha daseka aja, yen nujoni ana tingalan adi, wiyosan sa/16/saminipun, away nyepenken wisma, den rumanti wewekanira den kukuh, ywa kengguh pinapenginan, amrihnya away niwasi.

Ping astha dasa dwi aja, angguru mwong kang durung uning, ing wawatekireng semu, ywa kapencut pangucap, lawan away kapencut prawira teguh, miwah ngelmu samar-samar, yan tan nyata aniwasi.

Ping astha dasa tri aja, aningali marang tingkahe istri, tanapi lan ulatipun, yeku dedelan jina, yen tan yitna ngilangken landheping kalbu, ambebingung kabudayan, bedheling kulit niwasi.

Astha dasa catur aja, nganggo gaman kang durung den kawruhi, pribadi wawategipun, saspuh pamorira, we iku anjabaning teka tangguh, kontha warna ambu rasa, yen tan mangkono niwasi.

Astha dasa panca aja, asesanan kang liwat tekeng wangkit, kajaba mring wismeng guru, gusti lurah bekelnya, pan wus wenang ngundhakken kendeling kalbu, beda lawan sama-sama, sikuning catur niwasi.

Ping astha dasa sad aja, karem gendhing yen pangkat durung olih, ingkang wus ngaran nanancung, Manawa anggegiwang, nilastuti nampuri panggawe ayu, wajib rumeksa ing badan, darapon away niwasi.

Astha dasa sapta a/ja, lali marang wong agawe becik, nedya malesa sireku, ing reh kuwasanira, yen sumengka rekasa tan wruh ing dudu, kalebu nyayeng badan, sayekti luput niwasi.

Ping astha dasa astha ja, aninilip kang dudu wajib neki, nalika reh barang catur, wadi-wadi kekeran, kadung tyas marang laku kang kapungkur, yen tan bias nyinggahana, tan wurung nistha niwasi.

Astha dasa nawa aja, tan ngawruhi marang wateg pribadi, pananing tyas kang rahayu, pamurung lan kasidan, kabudayan kang mandheg lawan kang maju, prayogane kawruhana, yen tan mangkono niwasi.

Kaping nawa dasa aja, amengakken tembung ingkang kinunci, saengga gaib puniku, satengah buka wrana, tan den etung lamun akeh ajinipun, sapele ginunggung temah, nora wikan yen niwasi.

Ping nawa daseka aja, lamun arsa sare nora susuci, lir sato sakethi saru, mesthi lali anendra, yen anggadhuh reh jasat rasa pangambu, kabeh gagaduhanira, yen pinundhut aniwasi.

Ping nawa dasa dwi aja, ngangen-angen ing donya jroning guling, sabab laranganing ngelmu, bubuhane ki jasat, nora wajib gusti nira melu mi/18/kul, sayektine mung parentah, yen tan mangkono niwasi.

Ping nawa dasa tri aja, lamun wungu away lali ngabekti, mring pangeran maha agung, kapindho mring utusan, kangjeng nabi nayakengrat kang rinasul, sayekti wajib ngagesang, yen lali yekti niwasi.

Nawa dasa catur aja, lamun mangsah puja tan asusuci, yen ana sihe hyang agung, wahya mring wahyunira, dimen laju dulu suci suka dulu, yen carobo iku nulak, wurun ging wahyu niwasi.

Nawa dasa panca aja, angurangi mring asmaning dumadi, ngundanga si dhadhap waru, kudu pepak saroja, away cangkiwingan sirah lawan buntut, menek runtik kang den undang, yen padha sura niwasi.

Ping nawa dasa sad aja, angkuh nampik kalane den-takoni, den-takoni lan den-celuk, den enggal saurana, kang nakoni den-apekake yen nepsu, yen nepsu pada waniya, sapele gawe niwasi.

Nawa dasa sapta aja, sok anundhung wong omah dikon ngalih, nadyan wonge kang tinundhung, ambeg rahayu seca, tanpa sabab mung tan ayun mring wong iku, yen wong susah gadhah nrima, nempuh ing walat niwasi.

ping nawa dasastha aja, dadi dalam sabarang laku sisip, kajaba lali durung wruh, yen eling aja pisan, nedya dadi dadalane wong den-trungku, apa dene pecat nyawa, yen nempuh nemen niwasi.

Nawa dasa nawa aja, sok gumampang tutulang dadi wakil, wakilira den-tarungku, dosa pati laraa, kajaba kang sumedya nempuh nglabuh, yen ta mungguh sih-siniyan, salah surupe niwasi.

Kaping satus iku aja, sok ambuwang nampik kajaba lali, ngendi senggone katemu, mring sanak prasanakan, aja isin ngaruhana aja angkuh, ndyan wong cilik malarat, runtike puji niwasi.

Satus eka iku aja, kereng drengki mara tangan cengkiling, mala anak rabi batur, wayah bengi lan rina, gawe gita yen tangga cedhak wong agung, yen ora den kahruhana, lamun sinaru niwasi.

Kaping satus loro aja, saenggone wong gungan ngadi-adi, nadyan ngenger bapa biyung, sadulur sanak tuwa, lawan sanak miwah liyan yen katrucut, tutuh patuh dalu warsa, tumpang suhe sok niwasi.

Kaping satus katri aja, sok cocokan jalukan saen druwis, talaten sok dhasar antuk, /20/yeku canggahing kumpra, wus pratela kang mengkoni nora patut, wong balubut nyetom nistha, nyalunthis saen niwasi.

Kaping satus catur aja, mangan aneng tan prenah dalam cilik, apa dene lurung-lurung, kang cedhak wisma sanak, miwah cedhak wismane dhewe tan patut, menek antuk rasa nista, winastan nguthuh niwasi.

Kaping satus panca aja, yen mamangan bakal kang anglarani, bilai kaworan kaduk, wit liwat teka nikmat, bokmanawa apese badan lara nut, tumameng ing jiwa raga, walede dadi niwasi.

Kaping satus nenem aja, ngundang mangan enak lan nganggo sapi, aja meksa wong kang ayun, kang ayun lulusena den satitah yen mendem ywa sugal wuwus, lan atinggal tata karma, yen anompe niniwasi.

Kaping satus sapta aja, sok wong bareng mangan wong cilik, yen tan bias unggah-ungguh, mandhuwur mangisora, yen tan olah panawang dugining semu, lawan tanpa babah prenah, graitane sok niwasi.

Satus astha iku aja, gagamelan lan naggap yen marengi, wayah nuju sore surup, liya dina jumungah, yen jumungah rina wengi sirik agung, larangan saak trang raja, yen meksa nerak niwasi.

Satus nawa iku aja, ura-ura crita cangkem anggending, wayah mahrib esuk-esuk, saru rinungyeng ing tangga, salir karya barang yen nujoni bedhug, kajaba lumaku udan, yen nerak iku niwasi.

Ping satus dasa aja, lamun nonton wayang gedhog kalithik, purwa lan sasamenipun, singa-singa ywa ngucap, nyaru tekeng jaba dhalange yen krungu, runtik yen nganti brawala, anggegerake niwasi.

Satus sadaseka aja, lamun nonton ronggeng rina myang wengi, ambarengi wong lumebu, ngibing beksa kalangan, yen tan nrima wong jaluk gendhing rinebut, yen nepu nyandhak ukiran, tan wande geger niwasi.

Satus sadasa dwi aja, yen nglembana tandhak nganggowa eling, madyaning gong kaping telu, utamane sagongan, yen kongsia suwe nantang satru musuh, kabeh pada bramantyannya, yen alok gosong niwasi.

Satus dasa tri aja, angawula sengan anyar lan estri, lan priyayi maksih timur, miwah tut buri tandhak, singgahana kabeh iku dudu laku, yen amikir kasatriyan, nistha kekembang niwasi.

Satus sadasa catur ywa, karem marang karya kriya undhagi, greji nyungging tukang batu, kabeh kang bangsa kriya, sirik kabeh yen wong mikir bakal luhur, tan dadi dandanan praja, nistha waluya niwasi.

Satus sadasa panca ywa, karem marang karya kriya undhagi, greji nyungging tukang batu, kabeh kang bangsa kriya, sirik kabeh yen wong mikir bakal luhur, tan dadi dandanan praja, nistha waluya niwasi.

Satus sadasa panca ywa, omah cedhak pyayi gehde lan kali, gedhe lurung kayon agung, lan bangsa brama harda, sarupane bangsa agung iku patut, singgahana aja lena, yen katrajang niniwasi.

Satus sadasa sad aja, yen wong cilik aja sok bebarengi, yen lurah bandara ewuh, barang nama gawean, gegelakan aja barungsinang wuwus, akeh lire bokmanawa, kena ing siku niwasi.

Satus sadasa sapta ywa, sok patungan bathon lan lurah gusti, apa dene dol tinuku, miwah purba wisesa, mring bendara yen luput anemu bendu, prasasat mabyur dahana, kala kadhang aniwasi.

Satus sadasastha aja, nora kena ninggal nalaring urip, tepa salira punika, lan andhen-andhen pama, sabar maklum junjung murweng drajatipun, yen nilar iribing sastra, bilai gelis niwasi.

Satus sadasa nawa ywa, sok dumrojog lumebu buta tuli, wismane priyayi agung, nganggoa lelarapan, kajabane mambu darah aku perlu, duga prayoga watara, ringa ywa nganti niwasi.

Ping satus dwi dasa aja, ngaturake sasmita impen wangsit, mring priyayi agung ratu, nadyan melengmelenga, nadyan tutur mring sapadha nora patut, masa ginanjara gajah, pinareng blai niwasi.

Satus duwi daseka ywa, yen wong cilik tan wruh boboting cilik, baud matur mring wong agung, sanggup mangun nagara, den-kul kabeh sagung tumenggung gung-agung, retuning bilai baya sesa malela niwasi.

Satus dwi dasa ya, lamun ana ngarepaning priyayi, pan ingjak lawan catur, aja mathentheng gagrag, lan nudingi tangan kiwa iku saru, saru kabeh den-buwanga, yen tan kabuwang niwasi.

Satus duwi dasa dwi ywa, mada ngalem marang pangan den titi, yen luput wetuning wuwus, angepak wong sapraja, tan kena wor dodoyanan manungseku, krana dhewe-dhewe rasa, yen den wor blai niwasi.

Satus selawe prah aja, yen ngawula ratu bupati mantra, gusti puteg geng pakewuh, yen gusti lagi kilap, aja wani meksa matur nugel gulu, mung benggol ondhe upama, kalis bilai niwasi.

Ping satus salawe aja, yen guguru wong cacad iku sirik, lan estri ujaring tutur, saking priyagung kuna, yen wong urip mokal tanpa bapa babu, yen utama tinggal sunya togging bilai niwasi.

Satus duwi dasa sad ywa, wani-wani nerak walering nabi, kajaba ing sarak kukum aja mateni kadhal, kemlandhingan kodhok kucing catur iku, yen tinrak nemu duraka, bilai kojur niwasi.

Satus duwi dasa sapta, barang laku nyengkok lir nabi wali, ninggal tanggal sasi taun, dina pasaran naas, sangat sangar barang kabeh tan den-etung, wong atiru yen tan kuwat, bilai jeblos niwasi.

Satus sanga likur aja, samubarang kang nam sangker singit, aja wani anglelebur, nadyan lir sanghyang wenang, menek kasor ngadu sakti lan lembut, temah ngeseman wong kathah, lingsem bilai niwasi.

Satus tri daseka aja, anak lanang wadon direh den-pardi, ngaji kuran kitab nahwu, misih atunggal tanah, aja kinen ngaji adoh-adoh nglangut, nadyan sangua sayuta, kuwatir blai niwaasi.

Satus tri dasa dwi aja, sok tirakat nenepi papan sepi, ing kali miwah ing kubur, ngisoring wreksa gurda, guwa samun ara-ara alas gunung, jron praja lire Manawa, salah grahita niwasi.

Satus tri dasa tri aja, yen wong nemu barang amal sawadi, pandheman utawa dudu, senggone barang endah, aja ngumpet lamun tan becik tinemu, yen tan katur pinituwa, bilai temah niwasi.

Satus tri dasa catur ywa, aweh gawe wong desa yen nujoni, ngungsum wong sawah Maluku, ulur wiji tetegal, lan wong luwe sayah aja den-utus, yen ngutus nganggoa murwat, tan awas blai niwasi.

Satus tri dasa panca ywa, alumayu kalah menang ngajurit, yen menang away buburu, away angudag-udag, menek rusak pedhot otot remuk balung, badan rusak nemu papa, wis sayah blai niwasi.

Satus tri dasa sad aja, ywa ngingu macan lan sarpa mandi, wong kang cedhak adoh ratu kang nempuh kumawawa, nadyan kena wong kang ngingu loro iku, duwea ngelmuning macan, lan ulan-ulan niwasi.

Satus tri dasa sapta ywa, sarwa sato aja sira napsoni, nangani kongsia tatu, apa dene pralaya, nadyan sato ala tan ana kang tunggu, duwek dhewe miwah liyan, kabeh bilai niwasi.

Satus tri dasastha aja, sato ingon yen galak disinggahi, den-umbar miwah den kurung, dinadhung cinancanga, rina wengi den-jaga tan wurung nepsu, tan lali kuwatir uwas, wong uwas blai niwasi.

Satus tri dasa nawa ywa, yen nununtun kebo utawa sapi, kidang menjangan lan asu, jaran kurungan badan, aja ngiringake dhewe menek ucul, kangelan antuk wisuna, tinutuh blai niwasi.

Satus catur dasa aja, away wani sato galak sakalir, ngleledhek tuwin lumaku, tututa dadi galak, nora etung nyongkot bangkut kudu nepsu, lan yen nuju manak anyar, yen kurang weka niwasi.

Satus catur dasa eka, aja nunggang jaran yen durung sidig, ing cirri bendana mulus, lambe atining kuda, yen durung wruh menek tinungangan mamprung, pinareng kelangan nyawa, bilai getar niwasi.

Satus catur dasa dwi ywa, sok gumluweh nambut barang kang ringkih, ana ngisor miwah dhuwur, menek tuwin mudhun, kang gumantung nyumet, sakeh dammar murub, yen tan wruh ubenging weka, taline pedhot niwasi.

Satus catur tri ywa, aja sepi ngati ati yen geni, bedhiyan barang tinunu, kabeh sabab dahana, obong bakar goren masak udud kutug, cedhak pager alas wisma, aking Manawa niwasi.

Satus catur pat ywa, gawe obat yen lali babayani, lan aja angepe partum, suwe-suwe neng latar, sanggone yen panas acedhak latu, tetela yen ora kena, yen tan eling aniwasi.

Satus catur dasa panca, lamun oleh bedhil umat premain, yen nglantak ngenali bumbung, yen prang gurnan gurnada, den prayitna dhustaning karma jron wuluh, tuwiin wadhah-wadhah obat gur cidrane niniwasi.

Satus dasa sad ywa, sok memenek sapi pangati ati, nadyan asor kethek lutung, miwah nglangi ing toya, nadyan asor bebek banyak dudu padu, Manawa apesing badan, kapleset blai niwasi.

Satus satus catur dasa sapta, aja ngelar pomahan pager wangkit, sepi lawan rembug tutur, mring sanak tangga kanca, akeh lire prakara wong ngiser tugu, yen tan trima den gagampang, kena ing bener niwasi.

Satus catur dasa nawa, aja sabar lamun kanggonan mayid, kapindho wong olah wektu, kaping telu wong utang, kaping pate anak wadon akir kudu, yen tan rampung padha sakal, wekasan blai niwasi.

Satus panca daseka, aja lali saksi loro lan siji, kang wani supata kukum, sarta dina pasaran, tanggal sasi taun iku dadi baku, yen gugat barang prakara, yen tan mangkono niwasi.

Satus panca dasa dwi ywa, ing sabarang prakara kudu eling, kang dadi purwaning ayun, sarta madya wusana, lain batin tanpaeku trusing ngelmu, yen tan eling purwa madya, wusana blai niwasi.

Satus panca dasa tri ywa, aja tinggal baku pathokan tulis, barang catur kang adhapur, wit sastra jawa arab, yen tanpa wrin den sikakaken kadyasu, yen katanggor padha sura, kempyang bilai niwasi.

Satus seket papat aja, tinggal sastra jawa arab tan becik, peksanen kudu sinau, mari mari yen bisa, aja wwegah kangelan ywa katungkul, isin lawan eman sungkan, iku bilai niwasi.

Satus panca dasa panca, yen wus weruh surasane kinteki, aja bosen maca iku, lan aja milih layang, barang layang surasane den kacakup, yen tan wruh lungiding sastra, tan paedah aniwasi.

Satus panca dasa sad ywa, aja tabri mimisuh kaki nini, lan bawane bapa biyung, guru bandara sanak, tuwa kabeh srupane iku ywa purun, taklim manabektenana, yen keneng walat niwasi.

Satus panca dasa sapta, aja age yen durung amiranti, yen bakal angecap padu, nekani lan tinekan, rehning ngundang wong akeh lan para datuk, yen tan dhinginaken warah, nistha bilai niwasi.

Satus panca dasa astha, lamun duwe prakara barang kalir, aja age candhak riwut, sabarang kang cinandhak, lamun durung duwe seleh tebah tembung, mring lurah bekel pituwa, dhompo bilai niwasi.

Satus panca dasa nawa, aja kurang weak pangati ati, yen kinon anyekel kecu, srupanekang durjana, ngantenana yen mengko rowanngge kumpul, yen dhewe bok apes ina, ngumbar sura bok niwasi.

Ping satus sad dasa aja, adol kendel kalamun mangun jurit, marang wong sadhengah luput, yen apes mati kongkang, lamun dudu ratu kang ngadu prang pupuh, yen matia sabilolah, yen tan mangkono niwasi.

Ping satus sad dasa eka, aja ngadu wong lanang wadon resmi, kajabane kang sah kukum, kajaba purbeng nata, yen sapattha becik lir jana trapipun, ngukum sabab mocot sarak, nabi duraka niwasi.

Ping satus sad dasa dwi ywa, ngugung batur lan sanak anak rabi, menek kapatuh arusuh, kalunta dadi ngadat, wataking wong kang den-ugung kumprung pengung, kasep ajar tanpa weka, tog ngendon aniniwasi.

Ping satus sad dasa tri ywa, aja nyambi catur anggunem piker, yen nulis layang wawangsul, tuwin layang prakara, wadi sandi upaya nora ketemu, yen bubahake prakara, tog ngendhon blai niwasi.

Satus sad dasa catur ywa, lomba-lomba sanak lan wong kapir, kudu ngrangkepi bubiku, aja kasoran dana, watak kapir suthik rugi kudu untung, uwang bumi pamisesa, lan somahira niwasi.

Satus sad dasa panca ywa, lunga lunga yen durung den-giliri, yen ana parentah tungguk, kemit lan patrol rundha, saprentahe lurah bekel den pitutur, yen ayun anemu arja, yen tan miturut niwasi.

Satus sad dasa sad aja, mopo prentah bener iku asisip, yen prentah becik tinurut, nadyan tinibalana, yen sumelang atasa dhewe abagus, lan ngati atiya ing bab, yen tan mangkono niwasi.

Ping satus sad dasa sapta, ywa negori wit-witan karang kitri, lan ngiris lurung marga gung, tanpa sabab kajaba, purbaning reh lan musthi layang den-bunuh, kang misih urip prakara, yen gugat urip niwasi.

Satus sad dasastha aja, angurangi pakan yen ngalab kardi, marang kebol jaran lembu, miwah wong jagul buja, kajabane katrajang tenebap tuku, lan nama silih sambutan, yen tan wareg aniwasi.

Ping satus sad dasa nawa, barang bedhil kang sarta mawa wisik, lan mriyem yen nyekel iku, meteng kothong kanga was, den prayitna panjawil menek malatuk, miwah yen den piatukena, yen oleh wong aniwasi.

Satus sapta dasa aja, yen mring lumbung mrung pawon aja angling, lan mring padaringan iku, dadi ngundang nyeluman, pangrasane nyeluman gupuh den celuk, yeku panganing nyeluman, bilai boros niwasi.

Satus sapta dasa eka, lamun adang angliwet lawan mipis, kendhil dandang menek rubuh, tugel gandhik pipisan, yen tan sarat ngruwat ujar manungseku, yen kongsi keneng cintaka, cacat bilai niwasi.

Satus sapta dasa dwi ywa, nguyuh ngising marang nggen saker singit, ing kubur myang kayu watu, tirta raja prawata, barang angker ing kono ywa ngising nguyuh, den keh weka aja maha, celane blai niwasi.

Satus sapta dasa tri ywa, aja maha yen duwe karang kitri, aning bumi liya iku, yen adol anebasna, kudu tutur mring bumi gon kitri iku, yen tan tutur yen tan trima, sumelang blai niwasi.

Satus sapta dasa catur ywa, lamun sira darbe sabarang karti, away ge age kawetu, yen tan kapara nyata, iku dadi cacade wong arsa luhur, sapele mrih ginunggung, gawe remeh aniwasi.

Satus sapta dasa panca, barang karsa becik pikiren dhisik, prayogane lawan patut, aywa angaya aya, aywa melik sapele mung mrih ginunggung, luhung meneng yen rekasa, dimen tan karya niwasi.

Satus sapta dasa sad ywa, lali lali poma pada den eling, ing rina kalawan dalu, ywa ngijen-injen sira, nginjen sira sadhengahe wong puniku, kulak warta adol warta, iku kang gedhe niwasi.

Satiti paniti baya, dipunyatna sakedap aywa lali, ywa pegat murih rahayu,
pakewuh kang wus kocap, ucapena jroning tyas dipun kadudu, lulurinen ing
salama, lumarap amrih basuki.

Tamating panulisku tanggal kaping 29-4-26

Katandha asma

Suwarja.

